tegal sa loxo fiy metti ci sa yaram, nga wax: Bismil Laahi ñatti yoon, te wax juróom-ñaari yoon: Ahuusu bil Laahi wa xudratihii, min sarri maa ajidu, wa uhaasiru

Jële nañu ci Usmaan ibn Abii Al-Haas As-Saxafii yal na ko Yàlla dollee gërëm ne dafa jàmbat Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc aw mettit wu muy yëg ci yaramam diirub ba mu jébbaloo dugg ci lislaam, Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne ko: «tegal sa loxo fiy metti ci sa yaram, nga wax: Bismil Laahi ñatti yoon, te wax juróom-ñaari yoon: Ahuusu bil Laahi wa xudratihii, min sarri maa ajidu, wa uhaasiru».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Usmaan ibn Abii Al-Haas yal na ko Yàlla dollee gërëm aw mettit da ko a dal xaw ko a ray, Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ñëw fi moom di ko seet, xamal ko ñaan gog Yàlla dana ci yëkkëti li wàcci ci moom ci tawat; te mooy mu teg loxoom ci kaw barab bi muy jàmbat, daal di wax: (Bismil Laahi) ñatti yoon, topp mu wax juróom-ñaari yoon: (maa ngi muslu) di làqu di aaru (ci Yàlla ak kàttanam ci ayu li may yég) ci mettit ci waxtu wii teew (ma di ko moytu) di ragal mu amal ëllëg njàqare ak ragal, walla tawat ji wéy, mettit wi di tasaaroo ci yaram wi.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/6018